Ñenteelu nettali bi- **Kumba-am-ndey ak Kumba-amul-ndey** (extract from Contes et Mythes Wolof,Kesteloot et Mbodj, 1983)

## I. Nettali bi

Dafa amoon kenn nit ku amoon ñaari jabar. Ku nekk ci ñoom am jenn doom ju jigéen. Yàlla def mu am jenn jabar ju dee bàyyi fi doomam. Ñaari xale yu jigéen ñi ñoo bokk tur. Ndax ñu mën leen a xàmmee, ñu leen di ràññee :
-Kumba-am-ndey (xale bi yaayam di dund) ; Kumba-amul-ndey (xale bi yaayam dee).
Borom kër gi nag dafa ragal jabar ji lool ba nga xam né lu mu def walla lu mu wax rekk neex na ko. Daan na sax bàyyi jabar ji muy defloo Kumba-amul-ndey ligéeyi kër gi yépp. Am bés, Kumba-amul-ndey di raxas ndab yi ba fàtte as koog ; wujju yaayam ji né ko mu dem raxasi ko géeju Ndaayaan.
Kumba aw ci yoon wi di jooy, di dem. Dox na ñaari bëccëg ak ñaari guddi.
Kumba di dox, di dox ba fekk genn siddéem guy bàcc boppam, mu sukk nuyu ko. Siddéem gi laaj ko :
« Moo xale bu yaru bi foo jëm ? »
Kumba né ko : « sama wujju yaay moo ma raxaslooji koog bi géeju Ndaayaan. »
Siddéem gi tibb sidéemam may ko, ba noppi né ko :
« Foo jublu Yàlla na fa yiwu Yàlla jublu. »
Kumba gërëm ko, daldi aw yoonam.
Mu dellu di dox, di dox ba fekk cin luy togg boppam. Kumba-amul-ndey sukk nuyu ko. Cin li né ko :
« Moo xale bu yaru bi foo jëm ? »
Kumba tontu ko : « sama wujju yaay moo ma raraslooji koog bi géeju Ndaayaan. »
Cin li tibb ci li muy togg, jox ko, ba noppi né ko :
« Foo jublu, doom, Yàlla na fa yiwu Yàlla jublu. »
Kumba lekk ba suur,gërëm ko, daldi aw yoonam.
Kumba-amul-ndey, di dox, di dox ba fekk jenn jigéen ju màggat a màggat. Soxna si daal, benn tànk la am, benn loxo, benn bët, benn baaraam. Kumba sukk nuyu ko. Soxna si laaj ko :
« Moo sama sët foo jëm ? »
Kumba-amul-ndey né ko : « Maam déy, sama wujju yaay moo ma raxaslooji koog bi géeju Ndaayaan. »
Soxna si daldi koy jox ay yax yu weex tàll, Kumba waxul dara, mu daldi leen a jël, def ci biir cin li, cin li fees dell ag yàpp. Soxna si dellu joxaat ko benn peppu dugub ; Kumba def ko ci biir gënn, gënn gi fees dell. Kumba waxul dara, mu jël def ci biir cin li. Nees-tuuti, mu yakk, ñoom ñaar ñu lekk. Bi ñu noppee, soxna si né ko : Kumba kaay nag raxasi ndab yeek sa koog boobule bala moo guddi.
Bi Kumba dellusee, mu jox ko penn pusó ak genn ràbbu né ko :
« Demal nga dugg ci ronu lal bi, ndax sama doom yépp, ay rabi àll lañu ; pusó bi, nga koy jam rab yu ndaw yi ; ràbbu gi, nga di ko jam rab yu mag yi ndax ñu teela dem ; dama bañ ñu rey la. »
Bi doomi soxna si ñówee, bukki mi nga xam né moo ci gëna sob daldi né : « yaay daal nit a ngi xeeñ ci néeg bi »

Soxna si né ko : »xale bi demal nelawi ; man rekk maa fiy nit, xanaa danga ma bëgg lekk léegi ?
Bi rab yi tëddee, Kumba di leen di jam ràbbu geek pusó bi ; mu mel ni ay màtt ñoo nekk ci lal bi. Xale yi jéema jéem, mënuñoo nelaw, ñu daldi génn dem seen yoon. Kumba daldi génn, soxna né ko mu ñów waaj ñibbi ; mu jox ko ñetti nen, ba noppi né ko :
« Bii, soo demee ba ci biir àll bi, nga toj ko.
Bii, soo demee ba séen sa dëkk, nga toj ko.
Bii, soo demee ba ci buntu dëkk bi, nga toj bi ; bu leen jaawale. Demal, foo jublu Yàlla na fa Yàlla jublu. »
Kumba sukk nuyu ko, gërëm ko, daldi aw yoonam wi di dox, di dox ba ci biir àll bi. Mu toj benn nen : ay gaynde, ay segg, rabi àll yu bare génn ci,ndax ñu yiir ko, ba dara du ko mëna laal.
Kumba dellu di dox, di dox ba séen dëkk ba mu jógewoon, mu toj beneen nen : ay boromi fas yu yoreey fetal génn ci, ñu rey gayndé yeek rabi àll yi yépp.
Kumba di dox, dox nag bay bëgga dugg seen dëkk, mu toj benn nen bi ci dés : ay dag yu bari yi yoreey ndënd di tëgg, génn, ag ñeneen ñu yenu ay saakuy xaalis, saakuy ngalam, ag ay nag yu bari.
Kumba daal, bi muy dugg ci biir dëkk bi mu ngi niroog buur. Nit ñépp génn di ko seetaan. Yaayu Kumba-am-ndey, rusa rus ba mënu ko muñ, mu né doom ji :
« Xoolal Kumba-amul-ndey li mu am, yow nga toog fii, cim ! Demal wuti ko yow itam. »
Kumba-am-ndey daldi dem moom itam, di dox, di dox ba am ñaari bëccëg ag ñaari guddi ci àll bi. Muy dox ba gis ab déem guy bàcc boppam, mu daldi né :
« Laaylaa ! Man dé masuma gi lii ; déem guy bàcc boppam, lii dé su ma ko waxee kenn du ma gëm. Moo déem gi, doo ma may ci déem yi ? »
Siddéem gi bañ, né ko : « Foo jublu Yàlla bu fa yiwu Yàlla jublu ! »
Kumba itam di dem, di dem ba gis cin luy togg boppam, mu daldi né :
« Ndax man damay waaru, cin luy togg boppam, lii déy kenn masu ko gis ! »
Cin li né ko : « Xale bu reew bi, demal sa yoon, te foo jublu Yàlla bu fa yiwu Yàlla jublu. »
Kumba di dox, di dox ba fekk jenn jigéen ju màggat mu toog. Jigéen ji màggat ba weex tàll, te it, benn tànk la am, benn loxo, benn bët, benn nopp ! Kumba itam nekk xale bu reew bu kenn yarut, mu né : « Soxna si, xanaa yow doo nit : benn tànk, benn loxo, benn bët, benn nopp ! Man déy waaru naa. »
Soxna si né ko : « Moo xale bi, yow reew nga di. Waaw, lu doon say tànk sax ?
Kumba daldi koy tontu : « Man, géeju Ndaayaan laa jëm. Lan la woon ? »
Soxna si jox ko ay yax yu weex tàll ndax mu raxas leen def ci lin li. Kumba né ko :
« Waay, lii kenn da koy lekk, mënuma ko dé. »
Soxna si dellu jox ko benn peppu dugub ndax mu sebet ko def ci lin li, Kumba né ko :
« Xanaa yow amuloo dara, kuy sebet benn peppu dugub ?
Lii duma ko def ndax masuma ko gis !»
Soxna si defal boppam lépp. Ñu lekk ba noppi, Kumba dem raxasi ndab yi. Soxna si jox ko benn pusó ag genn ràbbu ndax mu ciy jam ay doomam. Kumba itam di leen jam ba ñoom ñépp di nàcc. Doomi soxna si sax bi ñuy génn dañu doon daw. Soxna si jox ko ñetti nen, tegtal ko ni mu leen wara tojee, ba noppi né ko :
Demal, foo jublu Yàlla bu fa yiwu Yàlla jublu ! »
Kumba itam aw yoon wi. Ba mu waree toj nen yi, mu jaawale leen. Mu toj ñetteelu nen bi, ay nag yu bare génn rekk daw wutali ko, dal ci kowam, daldi koy rey.

Tan yi doon naaw daldi koy séen, toŋ ci kowam, daldi koy lekk ba mu des xol ba rekk. Tan yi daldi koy jël, naaw ag moom ba ca seen dëkk, te naan :
« Xale ba demoon géeju Ndaayaan, xol ba ngi nii. »